



Konjonktivite (Azoumounou)

Kisa konjonktivite ye?

Konjonktivite (azoumounou) se yon enfeksyon nan zye yo. Se souvan yon viris ki lakòz maladi sa a, men bakteri kapab lakòz li tou. Konjonktivite se yon maladi modere epi li pa danjere. Pafwa se pa yon enfeksyon ki lakòz konjonktivite la men pito li soti nan yon kalite iritan.

Kisa sentòm yo ye nan konjonktivite la?

Pati blan zye yo vin woz oswa wouj. Zye yo ka fè ou mal oswa ou ka santi demanjezon ladan yo oswa ou ka santi y ap grate ou, epitou sa ka lakòz zye ou bay anpil dlo ak lasi ki kolan. Nan maten, lè zye ou seche sa ka fè popyè yo kole ansanm.

Kijan konjonktivite simaye?

Enfeksyon ki lakòz kèk kalite konjonktivite simaye lè lasi ki enfekte nan zye yon moun ki enfekte tonbe nan zye yon lòt moun. Sa kapab rive lè yon moun fwote zye li, lage lasi a nan men li epi manyen yon lòt moun (oswa manyen yon objè). Si lòt moun lage sibstans enfekte sa a nan men yo epi si yo manyen zye pa yo, yo kapab vin enfekte tou. Konjonktivite kapab simaye fasil pami jèn timoun yo paske yo fwote zye yo souvan, epi yo manyen lòt moun san yo pa lave men yo.

Kijan doktè trete konjonktivite?

Pwofesyonèl swen sante yo ka preskri yon medikaman antibyotik pou zye sèlman sizoka se bakteri ki lakòz konjonktivite la.

Kijan ou kapab evite pran konjonktivite?

Si ou toujou lave men ou nèt sa kapab pwoteje ou kont konjonktivite ak kont anpil lòt maladi. Toujou lave men ou byen avèk savon ak dlo. Paske ekoulman zye ki tonbe sou objè kapab rete kontajye, pa kite lòt moun mete rad ou, epitou pa kite lòt moun itilize objè pèsònèl ou, tankou aplikatè pou makiyaj zye ou.

Kisa ou ta dwe fè si ou gen konjonktivite?

- Toujou siye zye ou pou retire ekoulman yo. Itilize dousman mouchwa an papye, epi jete yo imedyatman.
- **Toujou lave men ou nèt apre ou manyen zye ou.**
- Montre pitit ou yo kijan pou yo lave men, sitou apre yo siye zye yo.
- Mande pwofesyonèl swen sante ou si ou bezwen resevwa medikaman pou zye.

Sonje pou lave nenpòt bagay ki pran kontak avèk zye moun (tankou lavèt, sèvyèt, jwèt ak kamera). Pa kite lòt moun itilize sèvyèt ou, lavèt ou oswa lòt atik pèsònèl ou.